

Amannman ki Pwopoze nan  
Konstitisyon an ki pou vote

8 novanm 2016



Depatman Deta Florid  
Divizyon Eleksyon



Amanman ki Pwopoze nan Konstitisyon an ki pou  
vote 8 novanm 2016

Mo ki souliyen yo ajoute; mo ki ~~bare~~ yo retire.



**NIM. 1**  
**AMANNMAN KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 10, SEKSYON 29**  
**(INISYATIV)**

**Tit Bilten Vòt la:**

Dwa Konsomatè Kouran yo nan sa ki Gen pou wè avèk Chwa Enèji Solè

**Rezime Bilten Vòt la:**

Amannman sa-a etabli yon dwa selon konstitisyon Florid la pou konsomatè yo posede oswa lwe ekipman solè ki enstale sou pwopriyete yo pou jenere kouran pou izaj pa yo. Gouvènman Eta-a ak gouvènman lokal yo va kenbe kapasite yo pou yo pwoteje dwa konsomatè yo ak sante, sekirite ak byennèt piblik, ak pou asire ke konsomatè ki pa chwazi enstale ekipman solè pa oblije sibvansyone depans pou kouran rezèv ak aksè a rezo elektrik la pou moun ki fè l.

**Deklarasyon sou Enpak Finansye:**

Yo pa atann yo aske amannman an ap lakoz yon ogmantasyon oswa yon bès nan okenn revni oswa depans gouvènman eta oswa lokal.

## Tèks Konplè:

### ATIK 10

#### Divès

Seksyon 29 – Dwa konsomatè kouran konsènan chwa enèji solè. –

(a) TABLISMAN DWA KONSTITISYONÈL. Konsomatè kouran gen dwa posede oswa lwe ekipman solè ki enstale sou pwopriyete yo pou jenere kouran pou yo sèvi yo menm.

(b) KONSÈVASYON KAPASITE GOUVÈNMAN ETA-A AK GOUVÈNMAN LOKAL YO. Gouvènman eta-a ak gouvènman lokal yo ap kenbe kapasite yo pou yo pwoteje dwa konsomatè ak sante, sekirite ak byennèt piblik, ak pou yo verifye konsomatè ki pa chwazi enstale solè pa oblije sibvansyone kou kouran rezèv ak aksè a rezo elektrik la pou moun ki fè l.

(c) DEFINISYON. Pou seksyon sa-a, mo ak tèmsila yo ap gen sans sila yo:

(1) "konsomatè" vle di nenpòt ki itilizatè final kouran kèlkeswa sous kouran sa a.

(2) " ekipman solè," " ekripman ki jenere kouran solè " ak "solè" sèvi youn pou lòt epi vle di panno fotovòltayik ak nenpòt ki lòt dispozitif oswa sistèm ki konvèti limyè solèy an kouran.

(3) "kouran " vle di kouran ki sòti nan yon sèvis kouran piblik, ki disponib pou konsomatè kouran solè pou yo itilize lè jenerasyon kouran solè yo a pa ase oswa pa disponib, tankou lannwit, pandan peryòd jenerasyon kouran solè a ba oswa lè ekipman solè yo a pap fonksyone poutèt yon lòt rezon.

(4) "lwe," lè li sèvi nan kontèks yon konsomatè k ap peye pwopriyete ekipman ki jenere kouran solè a pou dwa sèvi avèk ekipman sa-a, vle di yon akò kote konsomatè a peye pwopriyete ekipman an/bayè a yon seri peman peryodik pou sèvi avèk ekipman sa-a, epi peman yo pa varye nan montan baze sou kantite kouran ekipman an pwodwi ak kantite kouran konsomatè/lokatè a itilize.

(5) "rezo elektrik" vle di rezo kouran entèkonekte a, ki gen ladan santral elektrik ak lòt enstalasyon ki jenere kouran, transfòmateur, liy transmisyon, liy distribisyon ak enstalasyon ki gen pou wè avèk sa, ki rann kouran disponib pou konsomatè nan tout Florid.

(6) "sèvis piblik kouran" vle di nenpòt ki sèvis piblik kouran minisipal, sèvis piblik kouran yon investisè posede, oswa koperativ kouran andeyò ki posede, fè mentnans sou, oswa fè fonksyone yon sistèm jenerasyon, transmisyon, oswa distribisyon kouran anndan eta-a.

(d) DAT EFEKTIF. Seksyon sa-a ap efektif kou votè yo apwouve amannman sa-a.

**NIM. 2**  
**AMANNMAN KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 10, SEKSYON 29**  
**(INISYATIV)**

**Tit Bilten Vòt la:**

Itilizasyon Marigwana pou Pwoblèm Medikal ki Fè Moun Soufri Anpil

**Rezime Bilten Vòt la:**

Pèmèt itilizasyon marigwana medikal pou moun ki gen pwoblèm medikal ki fè moun soufri anpil jan yon doktè ki gen pèmi pou pratike nan Florid detèmine sa. Li pèmèt moun k ap bay swen yo ede pasyan an nan itilizasyon marigwana medikal. Depatman Sante va anrejistre ak kontwole sant ki pwodwi ak distribye marigwana nan bi medikal yo epi l ap emèt kat idantifikasyon bay pasyan yo ak moun k ap ba yo swen yo. Li aplike sèlman pou lwa Florid. Li pa iminize vyolasyon lwa federal, ni kèlkeswa itilizasyon, posesyon oswa pwodiksyon marigwana ki pa pou yon bi medikal.

**Deklarasyon sou Enpak Finansye:**

Li pa posib pou detèmine ogmantasyon nan depans gouvènman eta oswa lokal yo pou amannman an. Ap gen depans reglemantè adisyonèl ak aktivite ranfòsman ki asosye ak pwodiksyon, lavant, itilizasyon ak posesyon marigwana medikal. Frè yo kapab kouvri kèk nan depans reglemantè yo. Taks lavant yo ap pwobableman aplike a laplipa acha yo, ki va kreye yon gwo ogmantasyon nan revni gouvènman Eta ak lokal yo, men ki pa ka detèmine avèk presizyon. Li pa posib pou detèmine enpak sou revni enpo imobilye yo.

**Tèks Konplè:**

ATIK 10  
Divès

**SEKSYON 29.— Pwodiksyon, posesyon ak itilizasyon marigwana medikal.**



(a) POLITIK PIBLIK.

(1) Yon pasyan kalifye ki sèvi avèk magwana pou rezon medikal oswa moun k ap ba l swen an konfòmeman a seksyon sa a pap gen responsabilite kriminel ni sivil ni li pap sibi sanksyon selon lwa Florid.

(2) Yon doktè pap gen responsabilite kriminel ni sivil ni sibi sanksyon selon lwa Florid sèlman poutèt li emèt yon sètifika medikal avèk swen rezonab bay yon moun yo dyagnostike ki gen yon pwoblèm medikal ki febli l konfòmeman a seksyon sa-a.

(3) Aksyon ak kondit yon Sant Tretman pa Marigwana Medikal ki anrejistre kot Depatman an, oswa ajan ak anplwaye li yo, epi ki konfòm a seksyon sa-a ak règleman Depatman an, pap gen responsabilite kriminel ni sivil ni sibi sanksyon selon lwa Florid.

(b) DEFINISYON. Pou seksyon sa-a, mo ak tèmsila yo gen sans sila yo:

(1) “Pwoblèm Medikal ki Febli” vle di kansè, malkadi, glokòm, pozitif pou viris iminodefisyans moun (VIH), sendwòm defisyans sistèm iminitè (SIDA), pwoblèm estrès poutèt chòk (PTSD), maladi Lou Gehrig (ALS), maladi Crohn, maladi tranble, paralezi aparèy nè, oswa lòt pwoblèm medikal menm jan an oswa menm kategori a ki febli moun oswa ki kapab konpare avèk sa ki site yo, epi ki gen yon doktè ki kwè itilizasyon medikal marigwana t ap siman peze pi lou sou balans la pase ris potansyèl yo pou sante pasyan an.

(2) “Depatman” vle di Depatman Sante a oswa òganis ki vin apre li a.

(3) “Kat idantifikasyon” vle di yon dokiman Depatman an emèt ki idantifye yon pasyan kalifye oswa yon moun k ap ba l swen.

(4) “Marigwana” gen sans yo bay kanabis nan Seksyon 893.02(3), Lwa Florid (2014), epi, anplis, “Kanabis ki pa gen anpil THC” jan l defini nan Seksyon 381.986(1)(b), Lwa Florid (2014), dwe nan sans tèmsila yo “marigwana” nan tou.

(5) “Sant Tretman pa Marigwana Medikal” (MMTC) vle di yon antite ki achte, kiltive, posede, transfòme (sa gen ladan devlopman pwodwi ki gen pou wè avè l tankou manje, tenti, ayewosòl, lwil, oswa ponmad),

transfere, transpòte, vann, distribye, dispansè, oswa administre marigwana, pwodwi ki gen marigwana ladan yo, founiti ki gen pou wè avèk sa, oswa materyèl edikatif bay pasyan kalifye oswa moun k ap bay swen yo epi ki anrejistre kot Depatman an.

(6) "Itilizasyon medikal" vle di lè yon pasyan kalifye oswa moun k ap bay swen an achte, posede, itilize, livre, transfere, oswa administre yon kantite marigwana ki pa an konfli avèk règ Depatman an, oswa founiti ki gen pou wè avèk sa pou pasyan kalifye ki deziyen pou moun k ap bay swen an itilize pou trete yon pwoblèm medikal ki febli l.

(7) "Moun k ap bay swen" vle di yon moun ki gen omwen venteyen (21) lane ki dakò ede yon pasyan kalifye sèvi avèk marigwana pou rezon medikal epi ki kalifye pou epi te jwenn yon kat idantifikasyon pou moun k ap bay swen Depatman an emèt. Depatman an gen dwa limite kantite pasyan kalifye yon moun k ap bay swen gen dwa ede alafwa ak kantite moun k ap bay swen yon pasyan kalifye gen gwa genyen alafwa.

Moun k ap bay swen yo pa gen dwa konsome marigwana pasyan kalifye a jwenn pou itilizasyon medikal.

(8) "Doktè" vle di yon moun ki gen pèmi pratike medsin nan Florid.

(9) "Sètifika medikal" vle di yo dokiman ekri yon doktè siyen, ki di selon opinyon pwofesyonèl doktè a, pasyan an soufri yon pwoblèm medikal ki febli l, itilizasyon medikal marigwana ap siman peze pi lou sou balans la pase ris potansyèl pou sante pasyan an, ak pou konbyen tan doktè a rekòmande itilizasyon medikal marigwana nan pou pasyan an. Se sèlman lè doktè a fin fè egzamen fizik ak evalyasyon konplè antesedan medikal pasyan li gen dwa bay sètifika medikal. Pou yon sètifika medikal emèt bay yon minè, yon paran oswa gadyen legal minè a dwe dakò alekri.

(10) "Pasyan kalifye" vle di yon moun yo dyagnostike ki gen yon pwoblèm medikal ki febli l, ki gen yon sètifika medikal ak yon kat idantifikasyon pasyan kalifye valid. Si Depatman an pa kòmanse emèt kat idantifikasyon nan nèf (9) mwa apre dat efektif seksyon sa a, alòs

yon sètifika medikal valid ap sèvi kòm kat idantifikasyon pasyan pou pèmèt yon moun vin "pasyan kalifye" jiskaske Depatman an kòmanse emèt kat idantifikasyon.

(c) LIMITASYON.

(1) Pa gen anyen nan seksyon sa-a ki pèmèt vyolasyon ankenn lwa apa kondit konfòm avèk dispozisyon seksyon sa-a.

(2) Pa gen anyen nan seksyon sa ki pwal afekte ni revoke lwa ki gen pou wè avèk itilizasyon, posesyon, pwodiksyon, oswa vant non-medikal marigwana.

(3) Pa gen anyen nan seksyon sa-a ki otorize pèsòn apa yon pasyan kalifye pou l sèvi avèk marigwana medikal.

(4) Pa gen anyen nan seksyon sa-a ki pwal pèmèt kondwi ankenn veyikil, aparèy ki vole, tren ni bato sou enfliyans marigwana.

(5) Pa gen anyen nan seksyon sa-a ki egzije vyolasyon lwa federal oswa ki pretann bay iminite selon lwa federal.

(6) Pa gen anyen nan seksyon sa-a ki egzije ankenn akomodasyon ankenn itilizasyon medikal marigwana sou plas nan ankenn enstitisyon koreksyonèl ni etablisman detansyon ni lye edikasyon oswa anplwa, oswa fimen marigwana medikal nan ankenn lye piblik.

(7) Pa gen anyen nan seksyon sa-a ki egzije ankenn konpayi asirans ni òganis oswa otorite gouvènman pou l ranbouse ankenn moun depans ki gen pou wè avèk itilizasyon medikal marigwana.

(8) Pa gen anyen nan seksyon sa-a ki pwal afekte ni revoke lwa ki gen pou wè avèk neglijanans oswa fot pwofesyonèl yon pasyan kalifye, yon moun k ap bay swen, yon doktè, yon MMTTC, oswa ajan oswa anplwaye li yo komèt.

(d) DEVWA DEPATMAN AN. Depatman an dwe emèt règleman rezonab ki nesèsè pou aplike ak egzekite seksyon sa-a. Bi règleman yo se garanti marigwana medikal la disponib ak sèvi san danje pou pasyan kalifye. Se devwa Depatman an pou l aplike règleman yo atan.

(1) Aplikasyon Règleman yo. Pou bay Depatman an ase tan apre pasaj seksyon sa-a, règleman sila yo dwe aplike nan si (6) mwa pou

pi plis apre dat efektif seksyon sa-a:

a. Pwosedir pou emèt ak renouvle chak ane kat idantifikasyon pasyan kalifye yo bay moun ki gen sètifika medikal ak estanda pou renouvle kat idantifikasyon sa yo. Anvan l emèt yon kat idantifikasyon bay yon minè, Depatman an dwe resevwa konsantman ekri nan men paran oswa gadyen legal minè a, anplis sètifika medikal la.

b. Pwosedir ki tabli kalifikasyon ak estanda pou moun k ap bay swen, sa gen ladan fè verifikasyon antesedan apwopriye, ak pwosedir pou emèt ak renouvle chak ane kat idantifikasyon moun k ap bay swen yo.

c. Pwosedir pou anrejistre MMTC ki gen ladan pwosedir pou emèt, renouvle, sispann ak revoke anrejistremant, ak estanda pou garanti bon sekirite, konsèvasyon dosye, tès, etikèt, enspeksyon, ak sekirite.

d. Yon règleman ki defini kantite marigwana yo kapab prezime yon fason rezonab ki se yon pwovizyon adekwa pou itilizasyon medikal pasyan kalifye a, baze sou pi bon prèv ki genyen.

Sipozisyon sa-a sou kantite a gen dwa defèt devan prèv itilizasyon medikal apwopriye pou yon sèten pasyan kalifye.

(2) Kat idantifikasyon ak anrejistremant. Depatman an dwe kòmanse emèt kat idantifikasyon bay pasyan kalifye ak moun k ap ba yo swen yo, ak anrejistre MMTC pa pi ta pase nèf (9) mwa apre dat efektif seksyon sa a.

(3) Si Depatman an pa emèt règleman, oswa si Depatman an pa kòmanse emèt kat idantifikasyon ak anrejistre MMTC nan delè ki fikse nan seksyon sa-a, nenpòt ki sitwayen Florid ap nan pozisyon pou li angaje aksyon an iistis pou fòse Depatman an respekte devwa konstitisyonèl li.

(4) Depatman an dwe pwoteje konfidansyalite tout pasyan kalifye yo. Tout dosye ki gen idantite pasyan kalifye yo dwe konfidansyèl ak pwoteje kont divilgasyon piblik sòf si se pou bi medikal valid oswa aplikasyon lalwa.

(e) LEGISLASYON. Pa gen anyen nan seksyon sa-a k ap limite kò lejislatif la nan emèt lwa ki ale avèk seksyon sa-a.

(f) OTONOMI. Dispozisyon seksyon sa-a kapab separe donk si gen nenpòt ki klòz, fraz, paragraf oswa seksyon nan mezi sa-a, oswa yon aplikasyon li, yon tribinal konpetan deklare pa valid lòt dispozisyon yo ap kontinye an vigè lepli konplètman posib.

**NIM. 3**  
**AMANNMAN KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 7, SEKSYON 6**  
**ATIK 12**  
**(LEJISLATIF)**

**Tit Bilten Vòt la:**

Egzansyon Taks pou Sekouris Premye Entèkansyon ki Gen Andikap Total ak Pèmanan

**Rezime Bilten Vòt an:**

Y ap pwopoze yon amannman nan Konstitisyon Eta-a pou otorize yon sekouris premye entèkansyon, ki gen andikap total ak pèmanan poutèt blesi li te sibi pandan li t ap egzèse fonksyon li, benefisye de yon alèjman taks *ad valorem* ki estime pou pwopriyete familyal yo, si lwa jeneral la otorize sa. Si votè yo apwouve l, amannman an ap efektif 1ye janvye 2017.

**Tèks Konplè:**

ATIK 7  
FINANS AK TAKSASYON

SEKSYON 6. Egzansyon taks sou pwopriyete familyal.—

(a) Tout moun ki gen tit legal oswa efektif sou imobilye epi ki kenbe sou li rezidans pèmanan antanke pwopriyetè, oswa yon lòt moun ki sou responsabilite legal oswa natirèl pwopriyetè a, ap gen egzansyon pou taksasyon sou li, eksepte pou avantaj sosyal espesyal ki estime, jiska valè estime vennsenkmil dola epi, pou tout prelèvman ki pa prelèvman distrik eskolè, sou valè estime ki pi wo pase senkantmil dola jiska swasannkenzmil dola, lè dwa sa a tabli jan lalwa preskri li a. Imobilye a gen dwa pa tit legal oswa efektif, nan men kominote konjigal la, ansanm, an komen, kòm yon kondominyòm, oswa endirèkteman pa aksyon oswa adezyon ki reprezante enterè

pwopriyetè oswa manm nan nan yon konpayi ki posede yon frè oswa yon pwopriyete ki lwe pou plis pase katrevendizwit lane. Egzansyon an pap aplike pou ankenn kadas sòf si gen yon òganis leta lwa jeneral la deziyen ki toudabò detèmine kadas sa a respekte dispozisyon yo nan seksyon 4 la. Egzansyon sa a revoke nan dat efektif nenpòt ki amannman nan Atik sa a ki prevwa estimasyon pwopriyete famiyal a mwens pase valè jis.

(b) Yon moun oswa fanmi pap kapab gen plis pase yon sèl egzansyon pou nenpòt ki inite rezidansyèl. Pa gen egzansyon ki kapab depase valè imobilye yo estime pou pwopriyetè a oswa, si pwopriyete a sou fòm aksyon oswa adezyon nan yon konpayi, valè pwopòsyon ki gen enterè l nan konpayi an ki pote valè estime pwopriyete a.

(c) Pa lwa jeneral epi sijè a kondisyon ki espesifye isit yo, Kò Lejislatif la gen dwa ofri lokatè, ki se rezidan pèmanan, alèjman anba taks sou valè pou tout prelevman taks sou valè yo. Alèjman anba taks sou valè sa a ap sou fòm yon montan lwa jeneral la tabli.

(d) Kò lejislatif la gen dwa, pa lwa jeneral, pèmèt konte oswa minisipalite yo, nan bi preleve taks yo chak ak sijè a dispozisyon lwa jeneral la, akòde nenpòt oswa toude egzansyon pou taks sou pwopriyete anplis sila yo:

(1) Yon egzansyon ki pa depase senkantmil dola bay tout moun ki gen tit legal oswa efektif a imobilye epi ki kenbe rezidans pèmanan antanke pwopriyetè sou li epi ki rive laj swasansenk lane epi ki gen revni tout moun lakay li, jan lwa jeneral la defini l, ki pa depase venmil dola; oswa

(2) Yon egzansyon egal a valè estime pwopriyete a bay tout moun ki gen tit legal oswa efektif a imobilye ki gen valè jis mwens pase desansenkantmil dola epi ki kenbe rezidans pèmanan antanke pwopriyetè sou li pandan omwen vennsenk lane epi ki rive laj swasansenk lane epi ki gen revni tout moun lakay li ki pa depase limitasyon sou revni ki preskri nan paragaf (1) an.

Lwa jeneral la dwe pèmèt konte oswa minisipalite yo akòde egzansyon anplis sa yo, nan limit sou-seksyon sa a preskri yo, pa òdonans ki adopte nan jan lwa jeneral la preskri l, epi li dwe prevwa ajisteman

peryodik limitasyon sou revni ki preskri nan sou-seksyon sa a pou chanjman nan kou lavi a.

(e) Chak veteran ki gen laj omwen 65 lane ki gen andikap pèmanan pasyèl oswa total ap resevwa rabè sou montan taks sou valè ki dwe sou pwopriyete famiyal veteran an posede epi kote l rezide a si andikap la te gen pou wè avèk konba epi veteran an te sòti ak lonè lè li te separe avèk sèvis militè a. Rabè a ap yon pousantaj ki egal a pousantaj andikap pèmanan poutèt sèvis veteran an, jan Depatman Zafè Veteran Lèzetazini an detèmine l. Pou kalifye pou rabè sou-seksyon sa a akòde a, yon aplikan dwe soumèt bay espè imobilye konte a, dat 1ye mas pou pi ta, yon lèt ofisyèl Depatman Zafè Veteran Lèzetazini an ekri ki bay pousantaj andikap poutèt sèvis veteran an ak prèv ki idantifye yon fason rezonab andikap la kòm yon andikap poutèt konba ak kopi sòti ak lonè veteran an. Si espè imobilye a refize demann rabè a, espè a dwe fè aplikan an konnen pa ekri rezon refi a, epi veteran an gen dwa aplike ankò. Kò Lejislatif la gen dwa, pa lwa jeneral, fè gras de egzijans fè demann nan chank ane pou ane ki vin apre yo. Sou-seksyon sa a aplikab dirèkteman donk li pa bezwen lwa pou aplike li.

(f) Pa lwa jeneral epi sijè a kondisyon ak limitasyon ki presize isit la, Kò Lejislatif la gen dwa ofri yon alèjman anba taks sou valè egal a montan total oswa yon pòsyon taks sou valè ki dwe sou pwopriyete famiyal la bay:

(1) Mari/madanm sivivan yonveteran ki mouri poutèt sèvis li pandan sèvis aktif antanke manm Fòs Ame Lèzetazini.

(2) Mari/madanm sivivan yon premye entèvenan ki mouri pandan egzèsis fonksyon li.

(3) Yon premye entèvenan ki gen andikap total ak pèmanan poutèt blesi li sibi pandan egzèsis fonksyon li. Yon relasyon kòz ak efè ant yon andikap ak sèvis pandan egzèsis fonksyon pap prezime men dwe detèmine jan lwa jeneral la prevwa sa. Pou paragraf sa a, tèm "andikap" la pa gen ladan pwoblèm kwonik ni maladi kwonik, sòf si blesi ki rive pandan egzèsis fonksyon an te sèl kòz pwoblèm kwonik oswa maladi kwonik la.



Jan yo sèvi nan sou-seksyon sa-a epi jan lwa jeneral la defini l, tèm:

- a. "premye entèvenan" an vle di yon polisye, yon ajan sèvis koreksyonèl, yon ponpye, yon teknisyen ijans medikal, oswa yon paramedikal, epi tèm;
- b. "pandan egzèsis fonksyon li" an vle di ki fèt poutèt ak pandan l ap fè devwa anplwa li egzijè antanke premye entèvenan.

## ATIK 12

### ORÈ

Egzansyon taks pou premye entèvenan ki gen andikap total ak pèmanan.— Amanman nan Seksyon 6 Atik VII la ki gen pou wè avèk alèyman anba taks sou valè ki estime pou pwopriyete famiyal pou premye entèvenan ki gen andikap total ak pèmanan poutèt blesi yo te sibi pandan egzèsis fonksyon yo, ap efektif 1<sup>ye</sup> janvye 2017.

**Amanman Nim. 4 ki pwopoze fèt nan konstitisyon an a te parèt  
nan Bilten Vòt Eleksyon Primè 30 dawout 2016 la**



**NIM. 5**  
**AMANNMAN KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 7, SEKSYON 6**  
**ATIK 12**  
**(LEJISLATIF)**

**Tit Bilten Vòt la:**

Egzansyon Taks sou Pwopriyete Familyal pou Sèten Granmoun Aje ki Gen Revni Ba e ki Rezidan Alontèm; Detèminasyon Valè Jis

**Rezime Bilten Vòt la:**

Y ap pwopoze yon amannman nan Konstitisyon Eta-a pou revize egzansyon taks sou pwopriyete familyal la ke konte yo oswa minisipalite yo gen dwa akòde pou pwopriyete ki gen valè jis anba \$250,000 ke sèten rezidan ki granmoun aje ki gen revni ba e ki rezidan alontèm posede pou presize ke valè jis la detèmine pandan premye ane fiskal pwopriyete-a aplike pou li epi elijib pou egzansyon an. Amannman an efektif 1ye janvye 2017, epi li aplike retwoaktivman pou egzansyon ki te akòde anvan 1ye janvye 2017.

**Tèks Konplè:**

ATIK 7  
FINANS AK TAKSASYON

SEKSYON 6. Egzansyon sou pwopriyete familyal.—

(a) Tout moun ki gen tit legal oswa efektif sou imobilye epi ki kenbe sou li rezidans pèmanan antanke pwopriyete, oswa yon lòt moun ki sou responsabilite legal oswa natirèl pwopriyete a, ap gen egzansyon pou taksasyon sou li, eksepte pou avantaj sosyal espesyal ki estime, jiska valè estime vennsenkmil dola epi, pou tout prelevman ki pa prelevman distrik eskolè, sou valè estime ki pi wo pase senkantmil dola jiska swasannkenzmil dola, lè dwa sa a tabli jan lalwa preskri li a. Imobilye a gen dwa pa tit legal oswa efektif, nan men kominote

konjigal la, ansanm, an komen, kòm yon kondominyòm, oswa endirèkteman pa aksyon oswa adezyon ki reprezante enterè pwopriyetè oswa manm nan nan yon konpayi ki posede yon frè oswa yon pwopriyete ki lwe pou plis pase katrevendizwit lane. Egzansyon an pap aplike pou ankenn kadas sòf si gen yon òganis leta lwa jeneral la deziyen ki toudabò detèmine kadas sa a respekte dispozisyon yo nan seksyon 4 la. Egzansyon sa a revoke nan dat efektif nenpòt ki amannman nan Atik sa a ki prevwa estimasyon pwopriyete famiyal a mwens pase valè jis.

(b) Yon moun oswa fanmi pap kapab gen plis pase yon sèl egzansyon pou nenpòt ki inite rezidansyèl. Pa gen egzansyon ki kapab depase valè imobilye yo estime pou pwopriyetè a oswa, si pwopriyete a sou fòm aksyon oswa adezyon nan yon konpayi, valè pwopòsyon ki gen enterè l nan konpayi an ki pote valè estime pwopriyete a.

(c) Pa lwa jeneral epi sijè a kondisyon ki espesifye isit yo, Kò Lejislatif la gen dwa ofri lokatè, ki se rezidan pèmanan, alèjman anba taks sou valè pou tout prelèyman taks sou valè yo. Alèjman anba taks sou valè sa a ap sou fòm yon montan lwa jeneral la tabli.

(d) Kò lejislatif la gen dwa, pa lwa jeneral, pèmèt konte oswa minisipalite yo, nan bi preleve taks yo chak ak sijè a dispozisyon lwa jeneral la, akòde nenpòt oswa toude egzansyon pou taks sou pwopriyete anplis sila yo:

(1) Yon egzansyon ki pa depase senkantmil dola bay yon ~~tout~~ moun ki gen tit legal oswa efektif a imobilye epi ki kenbe rezidans pèmanan antanke pwopriyetè sou li, ~~epi~~ ki rive laj swasansenk lane, epi ki gen revni tout moun lakay li, jan lwa jeneral la defini l, ki pa depase venmil dola; oswa

(2) Yon egzansyon egal a valè estime pwopriyete a bay yon ~~tout~~ moun ki gen tit legal oswa efektif a imobilye ki gen valè jis mwens pase desansenkant mil dola, jan li detèmine pandan premye ane fiskal pwopriyetè a aplike ladan an epi elijib pou egzansyon an, epi ki kenbe rezidans pèmanan antanke pwopriyetè sou li pandan omwen vennsenk lane, ~~epi~~ ki rive laj swasansenk lane, epi ki gen revni tout moun lakay li ki pa depase limitasyon sou revni ki preskri nan paragaf (1) an.

Lwa jeneral la dwe pèmèt konte oswa minisipalite yo akòde egzansyon anplis sa yo, nan limit sou-seksyon sa a preskri yo, pa òdonans ki adopte nan jan lwa jeneral la preskri l, epi li dwe prevwa ajisteman peryodik limitasyon sou revni ki preskri nan sou-seksyon sa a pou chanjman nan kou lavi a.

(e) Chak veteran ki gen laj omwen 65 lane ki gen andikap pèmanan pasyèl oswa total ap resevwa rabè sou montan taks sou valè ki dwe sou pwopriyete famiyal veteran an posede epi kote l rezide a si andikap la te gen pou wè avèk konba epi veteran an te sòti ak lonè lè li te separe avèk sèvis militè a. Rabè a ap yon pousantaj ki egal a pousantaj andikap pèmanan poutèt sèvis veteran an, jan Depatman Zafè Veteran Lèzetazini an detèmine l. Pou kalifye pou rabè sou-seksyon sa a akòde a, yon aplikan dwe soumèt bay espè imobilye konte a, dat 1ye mas pou pi ta, yon lèt ofisyèl Depatman Zafè Veteran Lèzetazini an ekri ki bay pousantaj andikap poutèt sèvis veteran an ak prè v ki idantifye yon fason rezonab andikap la kòm yon andikap poutèt konba ak kopi sòti ak lonè veteran an. Si espè imobilye a refize demann rabè a, espè a dwe fè aplikan an konnen pa ekri rezon refi a, epi veteran an gen dwa aplike ankò. Kò Lejislatif la gen dwa, pa lwa jeneral, fè gras de egzijans fè demann nan chak ane pou ane ki vin apre yo. Sou-seksyon sa a aplikab dirèkteman donk li pa bezwen lwa pou aplike li.

(f) Pa lwa jeneral epi sijè a kondisyon ak limitasyon ki presize isit la, Kò Lejislatif la gen dwa ofri yon alèjman anba taks sou valè egal a montan total oswa yon pòsyon taks sou valè ki dwe sou pwopriyete famiyal la bay:

(1) Mari/madanm sivivan yon veteran ki mouri poutèt sèvis li pandan sèvis aktif antanke manm Fòs Ame Lèzetazini.

(2) Mari/madanm sivivan yon premye entèvenan ki mouri pandan egzèsis fonksyon li.

(3) Jan yo sèvi nan sou-seksyon sa-a epi jan lwa jeneral la defini l, tèm:

a. "Premye entèvenan" an vle di yon polisye, yon ajan sèvis koreksyonèl, yon ponpye, yon teknisyen ijans medikal, oswa yon paramedikal.

b. "Pandan egzèsis fonksyon li" an vle di ki fèt poutèt ak pandan l ap fè devwa anplwa li egzije antanke premye entèvenan.

## ATIK 12

### ORÈ

Lòt egzansyon sou valè pou moun ki gen laj omwen swasansenk lane.— Seksyon sa a ak amannman Seksyon 6 Atik 7 la ki revize detèminasyon valè jis pou egzansyon pou taks sou valè anplis la pou moun ki gen laj omwen swasansenk lane ap efektif 1<sup>ye</sup> janvye 2017, apre apwobasyon elektè yo, epi l ap aplike tou pou apatide 1<sup>ye</sup> janvye 2013, pou tout moun ki te resevwa egzansyon an selon paragraf (2) Seksyon 6(d) Atik 7 la anvan 1<sup>ye</sup> janvye 2017.







Depatman Deta Florid  
Divizyon Eleksyon  
Bilding R.A. Gray, Sal 316  
500 South Bronough Street  
Tallahassee, Florida 32399-0250  
Telefòn: 850.245.6200  
Sit Wèb: [dos.myflorida.com/elections](http://dos.myflorida.com/elections)